

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh didadasaran ku rasa kapanasaran panalungtik kana puisi mantra tatanén anu sumebar di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang. Tina éta rasa kapanasaran panalungtik ngayakeun panalungtikan anu miboga tujuan ngainvéntarisasi puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang, ngadéskripsikeun éta puisi mantra tatanén, sarta nyusun hasil panalungtikan jadi bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda. Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta téori anu patali jeung puisi mantra, tatanén, sarta bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta méthode *déskriptif*.

Tina hasil invéntarisasi puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang, kapanggih 93 puisi mantra nu diklasifikasikeun dumasar kana papasingan mantra nurutkeun Rusyana. Tina hasil éta klasifikasi téh kapanggih yén aya 24 puisi mantra (25, 8 %) anu mangrupa asihan, 46 puisi mantra (49, 5 %) anu mangrupa jangjawokan, 7 puisi mantra (7, 5 %) anu mangrupa singlar, 10 puisi mantra (10, 8 %) anu mangrupa rajah, jeung 6 puisi mantra (6, 4 %) anu mangrupa jampé, sarta aya 40 puisi mantra (43 %) anu mangrupa mantra tatanén jeung 53 puisi mantra (57 %) anu lain mangrupa mantra tatanén.

Tina déskripsi 40 puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang, aya 31 puisi mantra (77, 5%) anu mangrupa jangjawokan, 7 puisi mantra (17, 5%) anu mangrupa rajah, jeung 2 puisi mantra (5%) anu mangrupa singlar. Jadi, dina tatanén mah puisi mantra anu digunakeun téh lolobana anu mangrupa jangjawokan.

Basa-basa anu digunakeun dina éta mantra tatanén téh, nya éta basa Sunda, basa Sangsekerta, basa Kawi, basa Arab, basa Jawa, basa Tamil, jeung basa Jawa Cirebon. Éta mantra-mantra téh miboga tujuan anu hadé, sangkan meunang kalancaran, hasil nu nyugemakeun, jeung karahayuan. Tempat mapatkeun éta mantra téh, nya éta di sawah, di huma, di kebon, di leuit atawa gudang, jeung di

NÉNDÉN INTAN PRAMANIK, 2014.

INVÉNTARISASI PUISI MANTRA TATANÉN DI KACAMATAN CISITU KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pabéasan. Waktu mapatkeunana aya nu isuk-isuk jeung pasosoré, iwal ti jangjawokan paranti nyiuk béas anu bisa dipapatkeun wayah kumaha waé.

Kapercayaan anu katitén tina éta mantra tatanén téh, nya éta kapercayaan urang Sunda anu kacampuran ku kapercayaan Islam jeung Hindu. Pakakas anu marengan dipapatkeunana éta mantra tatanén téh, diantarana menyan, parukuyan, upet, bedog, tamiang, undem, cai, hanjuang, umbul-umbul, jeung saung sanggar. Dina prak-prakan mapatkeunana éta mantra téh, lolobana kudu dibarengan ku ngukus. Pantrangan dina ngawasa jeung mapatkeun éta mantra tatanén téh, aya nu ulah milampah pagawéan nirca (teu hadé) nu dicaram ku agama, aya nu kudu puasa atawa puasa mutih sajumlah naptu wewedalan, aya ogé jangjawokan anu teu meunang dipapatkeun ku lalaki (jangjawokan paranti nyiuk béas), jeung aya nu ulah dipapatkeun ku awéwé (jangjawokan paranti nyawén).

Mantra tatanén anu didésripsikeun téh, tuluy dianalisis dumasar kana kritéria milih bahan pangajaran anu hadé. Tina hasil analisis, kapanggih yén aya 31 puisi mantra (77, 5 %) anu bisa disusun jadi bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda, jeung 9 puisi mantra (22, 5 %) anu teu bisa disusun jadi bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda. Hasil ieu panalungtikan téh disusun jadi dua bahan pangajaran anu mangrupa conto, nya éta bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda pikeun SMA kelas XI (mantra) jeung kelas XII (artikel).

## 5.2 Saran

Mantra tatanén téh mangrupa bagian tina karya sastra buhun jeung budaya urang Sunda anu bisa ngeuyeuban hasanah sastra jeung budaya Sunda. Pikeun nu maca, panalungtik miharep ieu hasil panalungtikan téh jadi salasihiji panggeuing pikeun ngahudangkeun karep dina ngajembaran pangaweruh ngeunaan budaya jeung sastra Sunda. Salian ti éta, mantra kawengku dina kurikulum 2013 di tingkat SMA. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salasihiji alternatif mekarkeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola-sakola.

Tina hasil panalungtikan ieu dipiharep aya panalungtikan saterusna anu bisa nyusun bahan-bahan pangajaran séjénna, sabab dina ieu panalungtikan ngan disusun dua bahan ajar anu minangka sampel, tur aya panalungtikan anu bisa

**NÉNDÉN INTAN PRAMANIK, 2014.**

*INVÉNTARISASI PUISI MANTRA TATANÉN DI KACAMATAN CISITU KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngaimplementasikeun hasil tina ieu panalungtikan. Salian ti éta, panalungtik ogé miharep ayana pendokuméntasian jeung pembukuan mantra-mantra Sunda boh dina panalungtikan sacara personal boh koléktif lembaga nu leuwih réa tur onjoy.